

**ДÆ КАРНÆ ДÆХУÆДÆГ КУД АРАЗАЙ – ДÆ ЦАРД ДÆР УОТÆ РÆСТМÆ УОДЗÆНÆЙ!..**

*Иван КРЫЛОВ (1769-1844), номдзуд уруссаг финсæг: «Нури æнос, дан, ахурадæй ефтонг æма размæцуд æй. Фал адæм раздæри хузæн æнцæ тентек, фæлдорæггун, хилæргом, къинди, æсхъæл æма хеуарзон: цийфæнди устур хецæуттæ ку уонцæ, уæддæр берæ гъæндзийнæдтæ æма сахъæттæй сæхе багъæуай кæнунгъон нæ ’нцæ...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№46 (825) 2021 анзи 18 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН

## Æ РОХС НОМ ЦÆРУЙ ÆМА ЦÆРДЗÆНÆЙ НÆ ЗÆРДИТИ...

*Нæ национ аййевадæ æ агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæй кадæ æма намуси уæлтæмæнади бæрзæндтæмæ ка исиста, уонæй еу адтæй Байти Владимири кизгæ Альбинæ. Номдзуд кафæг, Цæгат Иристони адæмон кафти Падзахадон академион ансамбли солисткæ æма аййевадон разамонæг, Уæрæсей æма Цæгат Иристони адæмон артисткæ – нæ дзилли зæрдити байзадæй куд дессаги искурдиадæгин аййевадон архайæг, куд хуæдæфсармæ, хумæтæг адæймаг. Æруагæс ни кæнуй, æностæмæ дæр нæ адæм фæлтæрæй-фæлтæрмæ имисдзæнæнцæ æ рохс ном, кадæ ин кæндзæнæнцæ. Цардæгас ма ку адтæй, уæд уой кадæн хъæбæр берæ бийнонти нæуæгигурд кизгуттæн лæвардтонцæ ном Альбинæ. Абони дæр уотæ ’й, идарддæр дæр уотæ уодзæнæй. Абони ба Байти Альбини имисæн, 17 декабри æ райгурдбæл цуппаринсæй анзи (1941-1993) ке æнхæст кæнуй, уой фæдбæл. Номдзуд Альбини туххæй æрмæг кæсетæ 4-5-аг фæрстæбæл. Мухур æй кæнæн уруссаг æвзагбæл – уомæн æма нæ республики цæрæг еугур адæмихæттити еугур минæвæрттæн дæр Байти Альбинæ хъæбæр зæрдтагон адтæй, æгæрон уарзтæй æй уарзтонцæ æма ‘й абони дæр ма имисунцæ, уомæ гæсгæ ба раст уодзæнæй, уонæн дæр равгæ ку фæууа Альбини туххæй æрмæг бакæсунæн.*



Ирина ГУРЖИБЕКОВА

### АЛЬБИНА БАЕВА

Так тяжело , что не хватает слов.  
Окончен танец. Сцена опустела.  
От невесомых трепетных шагов  
Остался звук, неслышный и несмелый.  
О как была дорога нелегка!  
Как знала ты, речам хвалебным внемля,  
Что чем охотней носят на руках,  
Тем и сильней швырнут потом на землю.  
Ты поднялась. Ты выиграла бой.  
Чтоб вновь уйти, смирясь с жестокой силой.

И даже всенародная любовь  
Не сберегла тебя. Не защитила.  
Все умирает: дни и города.  
Все умирают: и богач, и нищий.  
Но лишь творца высокая звезда  
Сквозь вечность к нам всегда пути отыщет.  
Я голову повыше запрокину,  
И хотя боль еще в виски стучит,  
Но, может быть, звезду моей Альбины  
Меж звезд других увижу я в ночи...

## АРФÆ КÆНÆН!..



## МАХ ДÆР ДИ СÆРБÆРЗОНД АН, МÆДИНÆ!

Фæстаг рæстæг Уæрæсей Хецауадæ фулдæр æргом æздахун райдæдтонцæ ахуради фарстатæмæ. Уой æвдесæн æй е дæр, æма аци анз цудæй еугуруæрæсеуон æркаст «ПРО Образование-2021», æ аразæг адтæй Уæрæсей Федераций рохсади Министрадæ. Архайдтонцæ си, ахуради фарстати туххæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити ка финсуй, еци журналисттæ, блогертæ, ахургæнгутæ æма æндæртæ. Уæрæсей 72 регионемæй курдиæдтæ балæвардтонцæ 827 адæймаги.

Аци æркасти фæрци уайуй æргом дзубанди Министрадæ æма профессионалон журналистти къуæртти, уæдта еугай авторти ‘хсæн. Уой уæлæнхасæн ба рабæрæг æй, цæйбæрцæбæл ахсгиаг куст кæнунцæ журналисттæ, блогертæ, уæрæсейаг скъолай цардиуагæ æвдесун æма парахат кæнуни фæдбæл.

Ахуради къабази нуртæккæ хъæбæр зин косæн æй, ахургæнæг æнцон уавæрти нæй æма уой ном бæрзонд исесæ, е æй хъæбæр хуарз гъуддаг.

Еци ахсгиаг гъуддаг æнхæст кæнуни æновудæй ка архайуй æма си æнтæсгæ дæр кæмæн кæнуй, уонæй еу æй не ’мкосæг, æригон журналист, газет «Северная Осетия»-йи уацхæссæг **Махъоти Олеги кизгæ Мæдинæ.** Æ дæсниадæ бабæй дессаги æскъуæлхтдзийнадæй бавдиста нур дæр.

Æркаст адтæй дæс номинациеми, сæ еу хундтæй «Лучший материал о науке и технологиях в образовании», кæцими каст æрцудæй Мæдини æрмæгмæ «Ученый – всегда мечтатель» æма ин исаккаг кодтонцæ æртиккаг бунат. Уой фæдбæл ин зæрдиагæй райарфæ кодта на республики ахурадæ æма зонунади министр Алибекти Эллæ.

Мæдинæ, махæн дæр хъæбæр æхцæуæн æй, æгайтима дин дæ исфæлдистадон кустæн уæхæн устур аргъ искодтонцæ, дæ цийнæ махæн дæр цийнаг æй æма дин зæрдиагæй арфитæ кæнæн.

Дæ исфæлдистадон архайди æнтæстгин уо, царди хуæрзтæй хайгин, дæ кæстæртæй зæрдрохс уо!..

***Газет «Дигори» редакций косгутæ***

*Иван ИЛЬИН (1883-1954), номдзуд уруссаг философ: «Адæймаг дæр адæймагæй хецæн кæнуй е ‘нæнездзийнадæй, æ тухæй, æ искурдиадæй, уодирахастæй, æ зунди æвналæнтæй, æ нифси гъомусæй, дуйнемæ ци цæстæй кæсуй æма ин ци аргъ кæнуй, уомæй...»*




# ÆХСАРГИН АХУРГÆНÆГИ НОМ ЦÆРДЗÆНÆЙ ÆНОСТÆМÆ...

Беслæни фиццаг астæуккаг скъолай 2004 анзи сентябри тæккæ райдайæни тогмондаг фудгæнгутæ ци фудбæлах исаразтонцæ, уоми бахауæг сувæллæнтти фæййервæзун кæнуни сæрбæлтау æ цард дæр нæ бавгъау кодта аци ахургæнæндони ахургæнæг Иван Каниди... Бæгъатæрæй фæммард æй... Æ рохс ном иронх нæй нæ дзиллæй, уæдæй абони уæнгæ æ номерæнæн арæзт цæуй аллихузон мадзæлттæ. Еци фудбæлахи хуæдфæсте Беслæни ци нæуæг скъола-интернат исаразтонцæ, уомæн равардтонцæ Иван Канидийи ном. Æрæги ба æ бацæуæни æвæрд æрцудæй æхсаргин ахургæнæги бюст.

Уой фæдбæл арæзт цитгин мадзалмæ скъола-интернати тургъи æрæмбурд æнцæ берæ дзиллæ: нæ республики разамунди номæй Цæгат Иристони Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барис**, скъоладзаутæ сæ ниййергутæ æма ахургæнгути хæццæ, «Беслæни ниййергути» Комитет, бердзейнæгти æхсæнадæ, æндæр паддзахадон æма æхсæнадон организацити минæвæрттæ. Цитгин мадзали архайунмæ Цæгат Иристонмæ сæрмагондæй иссудæй Грекъаг Республики æнхæстбаргин минæвар Уæрæсей Федераций **Екатеринæ Нассика**.

Мадзали райдайæни номерæн æмбурди Дзанайти Барис æ радзубандий загъта:

– Аци скъолай коллектив идарддæр æнтæстгинæй æнхæст кæнуй, Иван Каниди ци хуарз гъуддæгутæ аразта, уони. Æма, ке зæгъун æй гъæуй, абони æма исонибони ахурдзаутæ сæ зæрдæбæл гъæуама даронцæ æма ма иронх кæнонцæ, Беслæни теракти рæстæг уæхæн æгæрон лæгдзийнадæ ка равдиста æма се скъола ке ном хæссуй, еци ахургæнæги.

Хецауади Сæрдар æ радзубандий райарфæ кодта Греций минæварæн, Цæгат Иристонмæ, грекъæгти æхсæнадæ «Прометей»-мæ, æ сæргъи **Юрий Асланиди**, уотемæй, уæдта аци скъола-интернатмæ сæ цæстæ уотæ хъæбæр ке дарунцæ, уой туххæй.

Дзанай-фурт сæрмагондæй ма райарфæ кодта амалгъон **Владимир Кайшевæн**, бронзæ бюст исæвæруни гъуддагбæл æновудæй ке байархайдта, уой туххæй.

Екатеринæ Нассика æ радзубандий райарфæ кодта Дзанайти Барисæн, национ политики фарстатæмæ, грекъæгти минæваради кустмæ Цæгат Иристони уæхæн устур æргом здæхт ке цæуй, уой туххæй. Æ дзубандимæ гæсгæ, айдагъ Беслæни нæ, фал Грекъаг Республики, уæдта еугур дуйнейи цæрæг бердзейнæгтæй дæр иронх нæй Ахургæнæг æма Гражданин Иван Канидий рохс ном, æма ин аллирауæн дæр кадæ кæнунцæ.

Уой фæсте Иван Канидий бюстбæл иуазгутæ исæвардтонцæ деденгутæ, уæдта æрзилдæнцæ скъолай бæстихайбæл. Иуазгути базонгæ кодтонцæ æ ахурдзаутæ – æригон футболистти æнтæстдзийнæдти хæццæ. Республики футболи Академий гъомбæлгæнуйнæгтæн се ’ртиккаг хай аци скъолайæй ке рацудæнцæ, айдагъ еци цау дæр дзорæг æй скъола-интернатæн е ’нтæстдзийнæдтæбæл.

Иван Каниди 2004 анзи 1 сентябри æ ахурдзаути хæццæ адтæй скъолай спортивон зали. Амæнæти бахауæг цалдæр сувæллони, сæ хæццæ Иван Канидий дæр, террористтæ цæттæ адтæнцæ рауадзунмæ, фал ахургæнæг æхе ин рауадзонцæ, зæгъгæ, уобæл не ‘сарази æй. Æ цардбæл нæ гъуди кæнгæй, æртæ боней дæргъи агъаз кодта сувæллæнттæн æма сæ ниййергутæн. 3 сентябри, рамодзæнтæ ку искустонцæ, уæд террористтæй еуей хæццæ Иван Каниди тохи бацудæй, æ хуæцæнгарз ин байста, фал террористæн бантæстæй фиццаг фæггæрах кæнун. Иван Канидибæл цудæй цуппар æма æртинсæй анзи.

Еугонд Нацити Организаци æма Цæгат Иристони Хецауади еумæйаг проекти фæлгæти Беслæни 2020 анзи арæзт æрцудæй спортивон скъола-интернат. Директорæй си косуй бæгъатæр ахургæнæгæн æ фурт – Константин Каниди. Абони скъолай ахур кæнуй 325 сувæллони. Ахур кæнунæн син  ес еугур нурикkондæр уавæртæ.

***Нæ уацхæссæг***





# НУРИККОН КОСÆНДÆНТТÆ ИСАРАЗДЗÆНÆНЦÆ

**Цæгат Иристони культури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг КЪУБАЛТИ Эльбрус куд фегъосун кодта, уотемæй иннæ анз национ проект «Культурæ»-мæ гæсгæ нæ республики æртæ гъæууон районеми исараздзæнæнцæ нуриккон культурон-хеерхæфсæн косæндæнттæ æма Культурон ирæзти центр.**

– Уомæй уæлдай, культури гъæууон косæндæнттæ исцалцæг кæнунмæ гъавæн. Адæми исфæлдистадон гæнæнтæ цæмæй ирæзонцæ, æма культури къабазæ нимæцон равналæнтæй пайда кæна, уонæн агъаз кæндзæнæнцæ. Мæздæги районi Мæлгъæвæги æма Рахесфарси районi Зæронд Бæтæхъойгъæуи нуриккон культурон-ерхæфсæн косæндæнтти арæзтадæ, Алагири районi Црауи, Мæздæги районi Киевскойи гъæуи, Горæтгæрон районi Сунжи культурон косæндæнтти бундорон цалцæг нимад уодзæнæнцæ еугуремæй ахсгиагдæр гъуддæгутæбæл, – загъта Къубали-фурт.



Амунд проектмæ гæсгæ иннæ анз Дигорай аразун райдайдзæнæнцæ Культурон ирæзти центр. Уомæй уæлдай, Октябригъæуи æма Æрхонки сувæллæнтти аййевæдти скъолатæ цалцæггонд æрцæудзæнæнцæ. Уомæй уæлдай ма аййевæдти дууæ скъолайемæн радех кæндзæнæнцæ фæрæзнитæ материалон-техникон бундор фæффедар кæнунæн æма гъæугæ ефтонггæрзтæ балхæнунæн. Зинвадуат гъæути цæрæг адæмæн концерттæ æвдесун æма син библиотекон лæггæдтæ кæнуни фадуат ке ефтонггæрзти фæрци уодзæнæй, Культури министради зæрди ес æртæ уæхæн автоклуби, гъома, цæугæ берæкъабазгин культурон центртæ балхæнун.

Уомæй уæлдай, культури æртæ хуæздæр гъæууон косæндонемæн æма культури гъæууон косæндæнтти цуппар  хуæздæр косæгемæн агъаз кæнуни фæдбæл мадзæлттæ идарддæр æнхæстгонд цæудзæнæнцæ. Иннæ анз республики культури косæндæнтти 200 косæгемæй фулдæремæн уодзæнæй бæсти раззагдæр исфæлдистадон уæлдæр скъолати бундорбæл сæ дæсниади къæпхæн фæууæлдæр кæнуни фадуат.

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИ ÆРДÆГÆН ÆЙ 323 СОМИ ÆМА 64 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 288 СОМИ ÆМА 96 КЪАПЕККИ.

Уæрæсей æма Цæгат Иристони адæмон артист, УСФСР-и Станиславскийи номбæл Паддзахадон премий лауреат Сланти Гаврили фурт Къостай райгурдбæл 20 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1926-1998).





ЦОПАНТИ Николай

# «ÆЙ ДЕССАГ – ЛÆДÆРУН, ДЕССАГДÆР – ЛÆДÆРД УН...»



**ЦОПАНТИ Валерий,**
фæллойни Ветеран

Цæгат Иристон æхе цæттæ кæнуй ахсгиаг цау исбæрæг кæнунмæ – 1100 анзи æнхæст кæнуй Аланистони исаргъудбæл. Уой фæдбæл мах газети дæр мухургонд цæунцæ хецæн æрмæгутæ. Абони нæ дзубанди æй игъустгонд диникустгæнæг æма рохситауæг Цопанти Ивани (Едзай) фурт Николайи туххæй. Адтæй Дигоргоми Гæлиати зилди фæстаг саугин. Æ рæстæги каст фæцæй Æрæдони духовон семинари, адтæй Уæллагири коми аргъауæни диакъон. Фæсаууонмæ каст фæцæй Казани духовон академи, кæцими ин исаккаг кодтонцæ саугини ном (сан).

Гæлиати аргъауæни саугинæй фæцæй евгъуд æноси инсæйæймаг æнзти кæронмæ, культурон революций рæстæги аргъауæндæнттæ ихæлд ку 'æрцудæнцæ, уæди уæнгæ. Паддзахи доги Владикавкази епархий курдиадæмæ гæсгæ Цопанти Николай, æ еузæрдиуон архайди фæрци хуарзæнхæгонд æрцудæй Сугъдæг Владимири майданæй æма сугъзæрийнæ сахаттæй, кæцибæл финст адтæй: «От его Императорского Величества и Священного Синода».

Цопанти Николайи цардвæндаги хабæрттæ уойбæрцæбæл цæмæдессаг æнцæ, æма сæбæл æнгъезуй бæлвурдæй æрдзубанди кæнун. Ка ‘й зонуй, уæхæн равгæ дæр нин фæуудзæнæй, фал мæ абони ба фæндуй еу цауи туххæй радзорун.

***

...Евгъуд догæ Уæрæсей райдæдта, æнæгъæнæ дуйней цардарæзтбæл зингæ-зингæ ка фæббæрæг æй, уæхæн цаутæй. Е дин Фиццаг уруссаг революци (1905 анзи), е дин 1917 анзи Цитгин Октябри революци, кæци расайдта, медбæстон ке хонунцæ, фал ма сауæнгæ фæсарæйнаг паддзахæдти æфсæдтæ дæр кæми архайдтонцæ, еци тугъд, фæццудæй цалдæр анзи, æ фудæй Уæрæсей цардиуаги еугур гъуддæгутæ дæр бунихæлд фæцæнцæ, багъудæй гъезæмайраг хъиамæттæ, цæмæй бæстæ æ кеми æрцудайдæ, уомæн.

Еугур еци æма берæ æндæр аллихузон цаути фудæй адæмтæ никкæрæдземæ ‘нцæ, тохæндзаумауи хъаурæй æвзурстонцæ нæуæг цард аразун. Цæгат Иристони дзиллæй дæр еци æзмæнст рæстæгути си кадæртæ большевикти фарс адтæнцæ.

6

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Æфсæддон хуæрæндонæмæ цалдæр лæги рæфтад кæнунмæ бацудæнцæ, Диамбег дæр сæ хæццæ, утемæй. Кæстæреуæггæнæг, хуæрзуиндæ силгоймаг син уотæ зæгъуй:*

*– Хуæруйнаг уадзæн айдагъдæр æфсæддон службæгæнгутæн!..*

*– Æз афицер дæн, – загъта нæлгоймæгтæй еу.*

*– Æз дæр, – загъта иннæ.*

*– Хуарз, сумах афицертæ фæуyотæ, – загъта силгоймаг æма Диамбегмæ райамонгæй, рафарста, фал уин айæ ба ка ’й?*

*Диамбег æмраст ислæудтæй, е ’нгулдзити кæрæнттæ æ тæнуадолæмæ фæнних кодта æма гъæрæй загъта:*

*– Сын полка!..*

*Силгоймаг æнæбаригомау байдзулдæй æма имæ дзоруй:*

*– Исбадæ мадта «сын полка» æма дæуæн дæр хуæруйнаг рахæссæн!..*

Аци хабар цæмæдессаг уомæн æй, æма нæ абониккон цардарæзти гъе уæхæн фæткæ исфедар æй, æма еци «сын полка»-й хузæнттæ, æгириддæр сæ неци барæ угæй, æрбадтæнцæ нæ еугурадæмон фингитæн сæ тæккæ фæрнæйдзагдæрти сæргъи. Уой дæр уомæн, æма сæ ниййергутæ кенæ сæ хуæрзгæнгутæ хецаудзийнади тæккæ баргъондæр бунæтти ке бадунцæ, уой фæрци. Еци фингити бæркад ке хъиамæтти фæрци ‘й, уони ба уордигæй фæххайгин уни нæ, фал уордæмæ уотид хæстæг бацæуни барæ дæр нæййес. Гъе утемæй Уæрæсе фестадæй айдагъдæр еци «сын полка»-ти хинцæг æма рæвдауæг.



**Виктор ОНОПКО, футболæй Уæрæсей еугонд команди тренер – футболисттæй ка кæми рарветдзæнæй æ фæлладуадзæн рæстæг, уой туххæй: «Кадæр, гъæдæмæ рандæ уодзæнæй, кадæр – хуæнхтæмæ, кадæр ба – тайгамæ дууæ-æртæ боней æмгъудæй...»**

Футболисттæй ка кæми бауолæфдзæнæй, е си алкæмæн æхе барæ ’й. Фал бæлах е æй, æма футболон фæзи гъазти рæстæги дæр, хъазмуз сæ нихмæлæугути колдуари фæммедæг кæнунбæл æмхузонæй архайуонцæ, е нæ, фал фæйнердæмитæ ниуунцæ. Уомæ гæсгæ си неци уайуй. Æгæрон æхцатæ есунмæ æгæрдæр ма арæхсунцæ.



**Николай АРЕФЬЕВ, Паддзахадон Думи депутат: «Махмæ цийфæнди реформæ дæр уæхæн рауайуй, æма зæгъун фенгъезуй, уæртæ кинонивæ «Киндзæхсæвæр Малиновки» райгъуст хатдзæги хузæн: «Бæлвурд æй, дзæрмæстъигъд бабæй кæндзæнæнцæ...»**

Еци кинониви уомæй уæлдай ма берæ циргъзунд зæгъдтитæ ес, кæцитæй зæгъун æнгъезуй нури реформити туххæй: «Бац, бац, бац – æма еувæрсти...» кенæ «Хецаудзийнадæ æййивд нæбал цæудзæнæй...»



**Сергей МАРКОВ, политолог: «Президенти рази гъæуама æгириддæр ма уа электрон гаджеттæ, уомæн æма етæ фæсарæйнаг корпорацити фæрци ‘нцæ хорнигулæйнаг сæрмагонд службити цæстдарди...»**

– Кæд уотæ ’й, уæд уæмæ уотæ нæ кæсуй, цума, «гаджет» æма «гадзирахат» еу бундорæй рантæстæнцæ? Æма президенти рæбунæй гаджеттæ рандæгæнæн ес, фал, фæсарæйнаг корпорацити мулкитæй хайгин ка ’й, æгæрон мулкитæ хорнигулæн æма æндæр паддзахæдти кæмæн æнцæ, уонæй æ алливарс ка бамбурд æй, уонæн ба ци кæнгæ ’й? Ка зæгъдзæнæй, æма етæ исонибони президентбæл дæр æма Фидибæстæбæл дæр гадзирахаттæй нæ рацæудзæнæнцæ?

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

### ФАРНÆЙ ÆНХÆСТ КА УА, УОМÆ АМОНД Æ МЕДБИЛТИ ИДЗУЛУЙ!..

***Циуавæр аргъ кæнетæ уæ бийнонти материалон уавæрæн? Уæхæн фарста дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг æртасгутæ уæрæсейæгтæй кæмæ равардтонцæ, уони дзуæппитæ байеу кæнгæй си рауадæй ауæхæн хатдзæгтæ:***



Хуарз – 14%

Рæстæмбес – 60%

Лæгъуз – 26 %



**Искурдиадæгин ахургонд, физикон-математикон наукити доктор, профессор Сиукъати Василийи фурт Николайи райгурдбæл 20 декабри æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1916-2001).**

***Альбина Баева... Она словно заполняла собой сцену – трепетными руками, очаровательной улыбкой, нежными, невесомыми вращениями... Однажды на гастролях в Великобритании двое недоверчивых джентльменов из публики даже поднялись на сцену, чтобы убедиться: не на роликах ли так неописуемо плавно скользит танцовщица из***



# Мир без Альбины

***Танец – искусство древнее. Танцуют дети, лишь недавно сделавшие свои первые шаги, танцуют долгожители. Фигуры танцующих мы видим на грубых наскальных рисунках первобытных людей, на амфорах античности, на полотнах Возрождения, на бумаге и щитах современных афиш...***



**Герман ГУДИЕВ,**
(1939-2007)
член Союзов кинематографистов, писателей и журналистов России

В Осетии танцуют все! Не от избытка свободного времени и отсутствия проблем, а потому, что танец, песня и джигитовка предмет национальной гордости осетин. Сама природа этого края пир стихий! Вечный ветер гор... Могучие кряжи и яростно кипящие в ущельях реки... Пена и грохот ниспадающих с головокружительной высоты водопадов и ослепительный вихрь лавин... Несущиеся вскачь тучи, стремительный полет орла и бег тура, падающего на рога, чтобы, перевернувшись и перелетев через пропасть, мчаться дальше...

По свидетельству матери, «она танцевала с люльки». И действительно, Альбине не было еще и десяти лет, когда она пришла в самодеятельный ансамбль клуба. Юная Дюймовочка была грациозна, доверчива и скромна. Это было призвание. Она танцевала на сцене, в гостях, дома... Она танцевала, идя по улице... Девочка даже засыпала в изящном, стремительном «па»... Высокая, стройная, гибкая, с копной смоляных волос и кожей мраморной белизны, с широко открытыми удивленными глазами, она была эффектной, яркой и в то же время напоминала эфемерный цветок, прозрачный и неощутимый, как утренняя дымка альпийских лугов... Ее движения даже при ходьбе были пластичны и закончены, в них была ранимая хрупкость, в них были полет, свобода, торжество, свойственные юности и сознанию собственной неповторимости, без капли высокомерия или намека на него... Озорной жизнелюб, с девчонками она была девчонкой, с мальчишками мальчишкой, ибо знала божественную ипостась и тех и этих, поэтому ей в первую очередь поверяли свои тайны, ждали совета и поддержки, веря в ее суд, добрый или суровый, неважно. В пятнадцать лет ее пригласили в профессиональный ансамбль, руководили которым требовательные и очень взыскательные люди. В ансамбле Альбину полюбили, всем она стала другом, а не коллегой. И она пришла «примой» не к «середнякам», а к мастерам, имена которых уже тогда сверкали в ореоле всенародной любви. Это Марина Касаева, Георгий Гуржибеков, Виктор Дзеранов (Пигу), Бексолтан Торчинов, Батырбек Сопоев, Венера Дзеранова, Ахсар Сланов...

В ряду осетинских танцев есть один, на котором можно проверить класс любого танцора. Это «Танец приглашения». В его простоте его сложность, ибо одна неточность, «проскочившая» в романе, в четверостишии, застрянет слоном в ушке иголки... Альбина в этом танце плыла, как сгусток плазмы, не отрываясь от сцены и в то же время паря над ней, и все ее движения отмечали плавность восходящего солнца, грацию актиний в плотной морской волне. Начало движения и остановку можно было объяснить чем угодно, но не усилием ног, невидимых под легчайшей тканью костюма, плывущего на ней, как коническое облачко в тихий, безветренный день и наполненного трепетом великого предчувствия любви... Ненарочитая свободная законченность каждого жеста, идеальная связка симметрии, синхронность толкали в мое сознание крамольную мысль абсолютного превосходства этого танца над всеми другими танцами на земле... В жизни Альбины был случай, когда на гастролях в Англии два джентльмена, забыв первую заповедь, выскочили из зала на сцену и приподняли полы ее костюма, дабы убедиться, не на роликах ли так плавно скользит незнакомка. За короткое время она стала неоспоримым лидером ансамбля. Великолепное чувство мелодии, ритма, партнера, пространства. И щемящая неуловимость этого колдовства, когда на твоих глазах ручеек превращается в стихию, неохватимую воображением... И подобно тому, как сполохи молний вырывают, освещая на миг, из кромешной тьмы ночи причудливые лики, ты видишь «тени забытых предков», руины каменных стен и крепостей и море знакомых и незнакомых лиц в густом замесе коней, овец, кошар, башлыков, арб, горных мельниц, стогов, козьих троп и зверей из аллегорического сказа о жизни и бытии осетин...

Каждое поколение танцоров приносит и привносит свое ощущение танца, свой «строительный материал». Помню наш ансамбль до Альбины. Он был добротен, как добротно сколоченный дом, но в этом доме вместе с трудолюбивыми жильцами жили другие духи... Как заметил Лорка, в танцующей женщине должен быть дьявол! С Альбиной в ансамбле появился Демон! Но не отрешенный, сгоревший в пламени чувств, а Демон, задумавший вдохнуть в правильную лексику танца сумасшедшинку взрыва! Уверенность в непогрешимости, которую видишь в танцах многих ансамблей мира, в «Алане» обрела живую кровь непредсказуемости, поэтому каждый номер читался и смотрелся как откровение, открытие, и поэтому быстрые «хоровые» танцы, где был задействован весь или почти весь состав, действительно напоминали взрыв яростью, отточенностью, натиском, удалью, жертвенностью. При этом филигранной отточенностью и динамическим равновесием всего пространства танца. Я всегда любовался выпуклой, как тетива, грудью Нодара Плиева, его осиной талией и линейной статью ног, но не меньше, если не больше, «тяжелым» выходом Казбека Тотоева, одного из лучших партнеров Альбины. Он шел, вскинув руки, как скальный монолит, и был эффектен своей неэффектностью, скромной сдержанностью, всем тем, чем по-настоящему красив горец и под грузом ноши, и на скакуне...

Несравненный Игорь Моисеев был убежден, что «коллектив из Северной Осетии не спутаешь ни с каким другим». Не спутаешь потому, что не высокий рост и конфетные чары вели его от вершины к вершине. Скажем, Оник Мангасаров ростом невелик. И Коля Багиев не Кануков, который Бола. Да и девушки не с вощеных листов «Плейбоя», а вот глаз от них было не оторвать!..

Для меня танцы делятся на показательные и «для души». Ансамбль на то и ансамбль, чтобы знакомить, демонстрировать... Что ж, нужное дело, особенно интересное для тех, кто видит конкретный танец или танцы впервые. А я больше всего любил танцы простолюдинов, танцы-экспромты без шлифовки именитых балетмейстеров, без обязательных «деланных» улыбок на заштукатуренных масках лиц, напоминающих театр Кабуки. Видел много таких танцев в городских дворах, и в просторных сельских, на горном пастушьем лугу или у ручья с шашлыками. И была в них ветхозаветная простота чуть подвыпивших хохмачей и охульников. Но, подобно рыцарской руке в железной перчатке, осетинские танцы всегда были окованы железом морали и этики из устоев предков, предпочитавших кинжальное острие чести позору бесчестия.

Вот в этом столкновении «хочу-нельзя» графический парафраз наших танцев и работа скупых выразительных средств на углубление, а не расцвечивание образа новомодными виньетками современной, берущейся за все хореографии. Понимала ли это Баева, превратившись из ученицы с косичками в художественного руководителя одного из сильнейших ансамблей не только республики, но и страны? Однозначно да. В ее показательных танцах не было ничего показного, все танцевали от души и для души! И первой она сама. И улыбка или грусть были у нее не знаком правил движения, в данном случае чувств, а





***далекого Кавказа? Это был действительный случай, Альбине пришлось даже приподнять подол, чтобы убедить скептиков. Журналисты сравнивали ее с героинями нартского эпоса. В ее честь земляки называли своих дочерей. Много было в «Алане» замечательных танцовщиц, но Альбина была одна, великая и неповторимая...***





Альбина Баева и Урузмаг Хурумов в кинофильме «Здесь мой дом», 1976 г.



их истинным содержанием. Кто не хочет выглядеть эффектно? Ее художники по костюмам, ее хореографы и «мейстеры» порой топили коллектив в море идей, открытий и находок, но подобно тому, как уважающий себя бедняк предпочитает свою хламиду парче с барского плеча, она тактично, чтобы не обидеть новаторов, возвращалась к истокам...

Истоки, как умирающий от жажды воду в пустыне, искала она, овладевая танцами других народов, и находила их не в механическом копировании, не в подражании в духовной идентификации. Любой неосетинский танец, исполненный Альбиной как солисткой, вызывал шквал аплодисментов у тех, кто видел, как эта осетинка проникает в святая святых национальной неповторимости, плиты скал расходились под ее легкими шагами без заклинаний: «Сезам, откройся!»

И так, она была неотразима в старинном плавном танце, поэтична в лирическом, неожиданна в комедийном. Высокий трагизм и незащищенность отличали ее в танцах драматических. Девушка с характером. Разъяренная жена. Старушка-мать... Этот ряд можно продолжить, вспомнив блестящее исполнение Альбиной сольной программы в танцах народов СССР. Таких как армянский «Ай-Назан», грузинский «Картули», азербайджанский «Джейран», где, кстати, надо было не только танцевать, но и петь на языке братской республики. В азербайджанском «Тураджи» Альбина танцевала... птицу. Она вошла в образ и чуть не улетела со сцены. Это был триумф изящества и волшебной невесомости. Вспоминается добрый эпизод. Этот танец для «Алана» в свое время ставила известная Дильбази Амина ханум, художественный руководитель ансамбля «Чинара». Вскоре, будучи почетным членом жюри, за исполнение этого танца она дала высшую оценку Альбине Баевой, а не солистке своего коллектива. «Своими руками себя задушила!» – сказала она, смеясь и провожая сияющим взглядом сияющую Альбину.

Трудно быть руководителем, тем более такой горючей смеси, как ансамбль. Танцоры, за редким исключением, честолюбивы, обидчивы, вспыльчивы... В жизни бывает всякое, но я помню золотые времена единения, когда десятки людей и сотни с ними связанных проблем решались в согласии, какое бывает в прочной семье единомышленников, единоверцев. Помню, в одном поезде я ехал с ними в Москву. На вокзале праздничная суматоха. Еще бы, «Алан» едет в столицу, а оттуда вояж через Шереметьево. Обыватели в поездах спят, вяло жуют и нудно рассказывают. Танцоры в этом смысле табор. В мелькании лиц, улыбок, саквояжей и корзин с напитками, зеленью и снедью вижу счастливое лицо Альбины. А когда поезд тронулся, кто-то из этой «шайки» выдернул меня из купе и потащил в «штаб». В «штабе», то бишь купе, где Шатаной восседала Баева, невероятным образом набилось пол-ансамбля. Куча-мала из рук, ног, голов, по центру импровизированный стол с горой пирогов, кур, помидоров и прочей снеди. Гармошка и доули, сопровождающие каждый тост короткой музыкальной репризой. Настроение у всех люкс! Жизнелюбие брызжет через край, особенно из Альбины, и причиной этому не застолье, а «возьмемся за руки, друзья, чтоб не пропасть по одиночке». Строка из песни Окуджавы стала пророческой...

Есть люди, которые обретают покой и душевное равновесие в уединении, в стоическом одиночестве. Мироощущение Альбины было рубенсовским. Одиночество ей казалось наказанием, поэтому жизнь ее не дробилась на сегменты и части, она была призывом к единению, всеобщности. Поэтому так хорошо знала своих питомцев и с завидным упорством проникала в органику такого большого и сложного явления, каким был ее «Алан». И дом, и семья, и муж, и ребенок, и тысячи других связей с миром людей, вещей и понятий были слагаемыми и сутью ее работы в том смысле, когда одно не существует без другого. Это одна жизнь. Но без и вне ансамбля эта жизнь теряла для нее всякий смысл и значение... В гуще дел, больших и малых, она обретала себя, ту уверенность, решимость и силы, которые придают особый вкус человеческому счастью! На репетициях была безжалостна. Но дай ей возможность – одарит своих девочек и ребят бессмертием. Каждый новый костюм разглядывала с дотошностью светской капризницы, но с мужским самообладанием добивалась поставленной цели. Именно она заговорила в полный голос о чистоте стиля, и она же была наиболее заметной из тех, кто пытался расширить границы жанра, постоянно обновляя программу. Неоценим ее вклад в организацию детского ансамбля и ансамбля «Арт», ее последнего детища. И здесь, словно слепок с шедевра, во всем читалась громада ее таланта.

У Альбины была замечательная мать. Все матери замечательны, но «баба Лиза», как звали ее все, кроме самых близких, была особенна своим демократизмом, который располагал к ней, но и одновременно взывал к ответственности, потому что человеколюбие этой седой малоразговорчивой женщины с правильными крупными чертами лица, ее неподдельное гостеприимство и непоказная щедрость таили в себе требовательность мудрой души, за плечами которой тяжкий опыт очень непростой и не поддающейся простому объяснению жизни... У Альбины были прекрасные близкие. Они и есть, и среди них самое дорогое дочь Дзера, студентка, еще неокрепший цветок. Друг жизни Слава Гулуев, блестящий кинематографист, в день похорон его лицо было пепельно-серым, словно только что сам восстал из праха... Дождь, оплакивающий потерю... Кавалькада машин... На могиле гирлянды цветов, за которыми не видно земли... Слезы и плач... Сегодня, когда людей убивают и выкупают, как скот, когда – в какой уже раз – происходит исторический тектонический излом в судьбах народов и народностей, разъединенных и спаянных общей судьбой, вспомним, что в глубине ее полуопущенного взгляда угадывалась страсть, идущая от полноты мироощущения. И на сцене, и в жизни это мироощущение устраивало пир, и все в ней заражало, и она сама заражалась своим бьющим через край жизнелюбием! Ничто, казалось, не могло остановить ее, и, как порыв ветра или султан огня, она была вездесуща, и ей было под силу невозможное! Смерть Альбины Баевой потрясла всех, кто знал ее хоть немного, в силу нашей веры в бессмертие великих.

А она была великой всеми гранями своей единственной и неповторимой жизни. В одном из фильмов Антониони в ответ на сердитое замечание старика по поводу спиленного дерева рубщики заявили, что посадят новое.

На это старик с усталой горечью изрек: «Но оно не будет похоже на это». Да, Альбину нам никто не вернет и не заменит. Этот праздник не повторится, никакое время для всех нас не залечит незаживающую рану этой сокрушительной потери. Альбину хоронила вся Осетия, потому что она стала национальной символикой алан и их потомков. Любая нация содержательна не апломбом и спесью, а наличием таких людей, как Альбина. В любой точке земного шара она вызывала только чувство восхищения, поэтому, и оплакивая ее, все мы были горды от сознания, что в нашей исторической общности сверкала и будет сверкать драгоценность, граненная мечтой, волей и сердцем народа!



Альбина БАЕВА похоронена на Аллее Славы во Владикавказе.

*Виссарион БЕЛИНСКИЙ (1811-1848), номдзуд литературон критик: «Хецæн адæймæгути æма æнæгъæнæ адæмти царди дæр фæууй æнамонд рæстæгутæ. Уæд æнæгъæнæ фæлтæртæ нивондæн хаст æрцæунцæ фæстæдæри фæлтæртæн. Фуддогæ – фудрæстæг райевгъуйуй æма лæгъуздзийнадæй райгуруй хуарздзийнадæ...»*



# «ÆЙ ДЕССАГ – ЛÆДÆРУН, ДЕССАГДÆР – ЛÆДÆРД УН...»

Ка ба си иссæй эсер кенæ ба анархист, иннетæ цидæр æндæр уæхæн «цъæхъалти уолæнти» банадæнцæ. Раздæриккон цард фулдæр ке зæрдæмæ цудæй, етæ фæцæнцæ уорс æзмæлди фарс, аразтонцæ си æвзаргæ тугъдон къуæрттæ, сауæнгæ ма æфсæдтæ дæр.

Дигоргом дæр еци дзаманти еуварс нæ байзадæй революцион æзгулитæй, медбæстон тугъди карз нихмæлæудтитæй.

Цийфæнди кæд ниддехтæ 'й дзиллæ, уæддæр хуæнхбæсти цæргутæн фулдæр сæ зæрдæмæ цудæнцæ нæуæг, фæллойнæгæнгутæн зæрдæмæдзæугæдæр цард исаразунæй син зæрдитæ ка æвардта, уони фæдздзурдтитæ æма лозунгтæ. Арæзт æрцудæй, большевикти фарс ка хуæстæй, уæхæн къуæрттæ. Уонæй сæ еуей сæргъи лæудтæй Арсæгти Горга, Уæллагкоми Гæлиати цæрæг, ахургонд лæг, революций гъуддæгутæбæл æновуд. Горгай фарсхуæцгутæ Дигоргоми минкъий нæ адтæнцæ.

Сурх партизанти архайд 1919 анзи адтæй æнæуагæ агъазиау. Хъæбæр тухсун кодтонцæ уорсгвардиуонти æфсæдти.

Еууæхæни Згиди æфцæгбæл Уæллагкоммæ æрфестæг æй æфхуæрæг (карательный) æфсæддон къуар. Куд рабæрæг æй, уотемæй уонæн сæ ихæс адтæй, большевиктæн сæ кой дæр куд нæбал уа, уæхæн цæфтæ никкæнун Уæллагкоми гъæутæ. Æрлæудтæнцæ Æхсийаги будури æма барвистонцæ гъæути сæргълæугутæмæ, хестæртæмæ, унаффæ хæссуни барæ си кæмæ адтæй, уæхæн лæгтæмæ, цæмæй сæ размæ рацæуонцæ.

Æфсæддон къуарæй адæм, æцæгæйдæр, æдас нæ адтæнцæ, æма уайтæккæ сæ размæ фæннæхстæр æнцæ æвзурст адæймæгутæ. Къæмунтæ æма Æхсийаги астæу ес Фæлвæрай фæзæ. Уоми æрцудæй сæ фембæлд. Æфсæддон къуари номæй дзурдта æригонгомау афицер, ирон. Æ хæццæ дууæ æмбали, хъазахъæгтæ.

Афицер загъта:

– Нæ сæргъи лæуунцæ болкъонтæ Хабай-фурт æма Александров. Уони бардзурд æй, цæмæй Гæлиат, Къæмунтæ, Дунтæ æма Хонсари гъæути большевиктæ æма уони фарс ка 'й, етæ нæмæ барвæндонæй лæвæрд æрцæуонцæ.

Афицер карзæй дзурдта, æвзиста, сауæнгæ уотæ дæр, гъома, дзармадзæнæй дæр фехститæ кæндзинан гъæутæ æма берети хæдзæрттæ ихæлд æрцæудзæнæнцæ.

Хестæртæ, гъæуи минæвæрттæ куд нæ балæдæрдтæнцæ, уавæр цæйбæрцæбæл бæлах расайдзæнæй, уой. Æма архайдтонцæ сæ дзуаппæй лигъзласæ кæнун. Æвзурст адæми хæццæ адтæй уæди рæстæги Гæлиати зилди (приходи) аргъауæни саугин Цопанти Николай. Еци цаутæ уой фæсте имисгæй, е куд дзоридæ, уотемæй уавæр адтæй тæссаг. Хумæтæги æфсæддон къуар ке нæ адтæнцæ, е бæрæг адтæй сæ номæй дæр – æфхуæрæг хъазахъæгтæ.

Куд дини сæргълæууæг, уотæ Николай дæр æ зæгъуйнæгтæ хебæлхуæцгæй балæдæрун кодта уруссагау:

– Сумах цæй кой кæнетæ – «большевиктæ», «меньшивиктæ» – уæхæнттæн ами зонгæ дæр неке неци кæнуй. Æз куд дини æма аргъауæни сæргълæууæг, уотæ æз сумахæн дзурд дæттун, Гæлиати зилди цæрæг адæм Уæрæсей паддзахадæбæл алкæддæр æновуд ке адтæнцæ, уой. Байгъосетæ хестæртæмæ æма мах æрдигæй куд иуазгутæ, уотæ уин уодзæнæй æгъдауæй кадæ.

Æфсæддонти минæвæртти зæрдæмæ уæхæн дзубандитæ æнхæст нæ фæццудæнцæ æма никки кардзæрæй загъта сæ хестæр афицер:

– Уæхæн дзубандитæн нуртæкки бунат нæййес. Мах ами цæмæн ан, уой хуæздæр зонæн, æма ку багъæуа, уæд тохæндзаумауи хъаурæй дæр нæ гъуддаг кæронмæ хъæртун кæндзинан.

Никкидæр ма цидæр зуст æвзиститæ кодта.

Куддæр афицер дзурд фæцæй, уотæ гъæуи минæвæртти фæсте ци бæхгинтæ лæудтæй, уонæй еу карзæй исдзурдта:

– Ци ракæндзæнæнцæ аци куййæй игурдтитæ! Цæбæл син лигъстæ кæнæн!.. Сæхемæ ци нæ кæсунцæ! Ниццæвун сæ гъæуй!

Æма уотæ идарддæр. Ка дзурдта е, нæкæси, адтæй Арсæгти Горгай æмбæлттæй еу.

Уорс афицер дамбаца фелваста æма си æвзедуй. Николай куд имисидæ, уотæ Горгай къуари адтæй гъæйтт лæхъуæнтæ. Уæхæн æвзиститæ æ сæрмæ ка нæ хаста, еци лæхъуæн еу гæпп бæхæй ракодта, фæндзæхстон топп афицери реумæ фæййаразта.

Саугин Николай сæ астæу фæммедæг æй æма æ къохтæй тохæнгæрзтæбæл ниххуæстæй, гъæрæй сæмæ дзоруй:

– Ма фехсетæ!

Николай адтæй саугини дарæси, æ уæле пæлæз, уæдта майдан – паддзахи номæй ин лæвæрд.

Фиццаг иронау, уæдта уруссагау дзоруй:

– Кæд фæууидтайтæ минæвæрттæ (парламентертæ) кæрæдземæ æхсæндзаумау райсгæ?!.

Æрсабуртæ 'нцæ, хестæртæ дæр сæ загъд еума хатт загътонцæ, федауцæй баунаффæ кæнæн, зæгъгæ.

Æфсæддонти минæвæрттæ сæ къуармæ ку æздахтæнцæ, уæд син Николай балæдæрун кодта:

– Уæхецæн дæр, уæдта уæ сæргълæугутæн дæр, Хабай-фурт æма Александровæн дæр мæ хæдзари ес бунат, фусун уин ан. Сæрмæ æрхæссуйнаг нæй цалдæр гъæуей астæу итигъд будури æрбунæттон уайтæ, е.

Идарддæр хабæрттæ уотæ рауадæнцæ, æма хъазахъæгтæ гъæути æрфестæг æнцæ, сæ хецауадæ ба æд штаб бафусун кодта Цопантæмæ.

Ци бон æрбацудæнцæ, еци бон изæрæрдæмæ ахæст æрцудæй æстдæс лæги уорсити нимадмæ гæсгæ, етæ адтæнцæ большевиктæ æма уони фарс ка адтæй, уæхæнттæ. Ахæст адæми бакодтонцæ Къæмунти Тахохти хæдзæртти буни скъæти.

Куд рабæрæг æй, уотæмæй Хабайфуртмæ адтæй гæгъæдибæл финст номхигъд. Николай куд зæгъидæ, уотемæй не 'сбæрæг æй, еци номхигъд сæмæ се 'рбацуди разæй адтæй, æви ку 'рбацудæнцæ, уæд сæмæ 'й еске бахъæртун кодта.

Берæ рæстæгути фæсте аци цаути хабæрттæ ескæмæн ку дзоридæ, уæд æй алкедæр бафæрсидæ:

– Горгай куд нæ ниййахæстонцæ?

Æ дзуапп уидæ уæхæн:

– Хабай-фурт зудта Арсæгти Горгай хабар. Гæлиатæй ке 'й, уой дæр, фал æй комкоммæ ба нæ фæсмардта. Æргомæй ба неке иской кодта Горга кæми 'й, уой, кæд гъæути цæргутæй кæмæндæр сæхемæ адтæй, уæддæр. Уæллагкоми еци доги Горга нимад адтæй тæккæ кадгиндæр, ахургонддæр æма еугурæйдæр сæ сæр бæрзонд кæмæй хастонцæ, уæхæн лæгбæл. Дуккагæй ба, Горгабæл ка бацъух кодтайдæ, е нимад адтайдæ æ тоггинбæл. Горгай туххæй ба Арсæгти фæсевæд тог райсунбæл сæхебæл дæр нæ байаурстайуонцæ.

Æфхуæрæг æфсæддонти къуар дуккаг бон Къæмунти уæллаггъæуи фæзи ауиндзæнтæ райаразтонцæ. Уайтæккæ фæххæлеу æй хабар – ахæст адæм ауигъд уодзæнæнцæ, зæгъгæ. Ахæст адæм æма сæ бийнонтæ, хæстæгутæ, еузагъдæй, еугур Уæллагком дæр катаййи бацудæнцæ, фидбилизи арт нæ ку содзуй, æма ци кæнæн, зæгъгæ. Силгоймæгти гъарæнгитæ берæ хæдзæрттæй игъустæй.

Саугин Николай дæр уæззау сагъæсти бацудæй. Æцæгæйдæр, уæхæн æверхъау гъуддаг гъæубæсти ку 'рцæуа, уæд е аргъауæнæн, дини кадæн дæр, дзиллæн сæхе цардиуагæн дæр устур бæлах уодзæнæй. Зин балæдæрæн нæ адтæй æ катай. Хъæбæр гузавæ кодта æ мадæ Нæгъуда дæр (æ фидæ Едза уæдмæ цардæгас нæбал адтæй). Уайдзæф кодта æ фуртæн:

– Дæ хæдзари æрцæрун кодтай афицерти. Етæ уæхæн фидбилиз уал муггаги æма хæдзаремæн ку исаразонцæ, уæд е мах цæсгонæй дæр цæуй. Атæ рахъутти уодзæнæнцæ, мах ба адæми астæу куд цæрдзинан?..

Николай дæр куд нæ лæдæрдтæй уони. Æма æ уодæй-уод кодта, цæмæй афицертæ ести хузи фæттасиуонцæ, сæ æверхъау фæндæ раййевиуонцæ, уобæл. Хабай-фуртмæ æхе бахатидæ, æма ин е уотæ ракæнидæ:

– Дæу гъуддаг нæй. Дæ дини хабар кæнæ. Большевикти сæрбæл дзоруни ихæс дæбæл нæййес.

Нæкæси, Хабай-фурт æхе кæд уæхæн гурумухъæй æвдиста, уæддæр си Николай уотæ зæгъидæ:

– Адтæй ахургонд, хуæрзæгъдау, афицери ном кади хæццæ ка хаста уæхæн æфсæддон. Ниуæзтæй дæр адтæй хебæлхуæцгæ. Æ хæццæ ци афицертæ адтæй, етæ уарзтонцæ раниуазун, уруссагау æнæфсар зæгъдтитæ дæр искæниуонцæ. Хабай-фурт син рахилæ кæнидæ, уæхе дарун зонетæ, ами хæдзари силгоймæгтæ ес æма уонæй æфсæрми кæнетæ, уомæ ма кæсетæ æма æвзаг нæ зонунцæ. Афицери ном ма æгадæ кæнетæ.

Куд иуазгутæ, уотæ син финги æгъдау конд цудæй алли бон дæр. Косарт ба – кенæ алли бон, кенæ ба – бонцохæй. Тæккæ фиццаг бабадтæй фæстæмæ Хабай-фурт сæ хæццæ исбадун кæнидæ Нæгъудай.

– Мах нæуæг цард аразæн Иристони æма гъæуама силгоймаг, бустæгидæр ду, куд нæ мади хай, уотæ дæ бунат уа кадгин, – зæгъидæ е.

Еу бон куд адтæй, уотемæй еу лæг (Николай ин æ ном некæд некæмæн зæгъидæ еу-дууæ, æртæ хеуонемæй уæлдай) фæззиндтæй изæрæрдæмæ Цопантæмæ. Æ размæ тургъæмæ рацудæй Нæгъуда. Иуазæги фæндадтæй Хабай-фурти фæууинун. Силгоймаг ин балæдæрун кодта, Хабай-фурт уолæфгæ кæнуй, зæгъгæ, æма дин æй куд райгъал кæнон.

– Бангъæлмæ кæсæ, кенæ медæмæ рацо,– адтæй силгоймаги загъд.

Иуазæги берæ рæстæг ке нæ фæндадтæй уоми ун, е æ катайбæл бæрæг адтæй. Еуцæйбæрцæдæр рæстæг тургъи рацо-бацо ракодта, уæдта æ ронæй исиста гæгъæди æма Нæгъудайæн рафæдзахста:

– Мæнæ аци финстæг Хабай-фуртмæ раттæ, æндæр некæмæ.

Уоййадæбæл фæстæмæ Гæлиатмæ (цæугæ дæр ецирдигæй æркодта) фæррает æй...

Мæгуртæн агъаз кæнуни Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæудзæнæй хуцаубони, 19 декабри. Цума е ести фæййагъаз уодзæнæй æцæгæй мæгуртæн?..

*Гюстав ФЛОБЕР (1821-1880), номдзуд францусаг финсæг: «Æхсæнади бартæ куд табуйаг æнцæ, уотæ табуйаг æнцæ еу адæймаги бартæ дæр. Æма еци лæдæрдæй-лæдæрддæр гъуддаги нихмæ неци æрæвæрæн ес, тухмиуæй æндæр...» Нуриккон Уæрæсей хецауеуæгæнгутæ, æвæдзи, некæд фегъустонцæ аци зундгин æма раст загъд.*



Изæрæй, æ фурт Николай ку æрбацудæй, уæд ин иуазæги хабар ракодта æма имæ еци гæгъæди балæвардта:

– Æркæсай, ци си финст ес.

Николай куд дзоридæ, уотемæй пеци дуармæ арти рохсмæ финстæг бакастæй æма æ мадæн загъта:

– Финст си ес, Горга сæхемæ ке 'й, е, уæдта цæмæй тæккæ сæумæ хъазахъæгтæ фæззиннонцæ æма партизантæ ахæст æрцæуонцæ.

Мадæ уой ку фегъуста, уæд уотæ фæккодта:

– Цæфæй кæд нæ мæлис, уæдта дин рæхуст... Еугур фидбилизи хауæн.

Николай ниссагъæси æй, лæдæрдтæй æй, цæйбæрцæбæл тæссаг уавæри æнцæ номхигъди ци адæм финст æнцæ, етæ, уæдта сæхуæдтæ дæр æма уæхæн унаффæ рахаста:

– Горгамæ æз фæххабар кæндзæнæн. Ка 'й зонуй, ести, уæд зæгъæ, æз неци æма неке фæууидтон.

Æхуæдæг баздахтæй æма гæгъæди пеци багæлста, Горгамæ ба, кæбæл æвуæндтæй, уæхæн адæймаг фæдесонæй рарвиста.

Горга æма е 'мбæлттæ еци æхсæвæ Долæгъи æфцæгмæ сæхе исистонцæ.

Дуккаг бон Хабай-фуртæн хабар уæддæр фегъосун кодтонцæ. Æма хъазахъæгтæ ку ниццудæнцæ, уæд Горгайæн æ думгæ дæр гъæуи нæбал адтæй.

Кæд ма ести гъуди кæнун, уæд уотæ дзориуонцæ, Горгай фиди æнсувæр æма уой фурти дæр хъазахъæгтæ нийййахæстонцæ, Гæлиатмæ ку бахъæрдтæнцæ, уæд, фал сæ еу рæстæги фæсте рауагътонцæ.

Еу бон хъазахъæгтæ, сæ сæргъи Хабай-фурт, Александров æма иннæ афицертæ, уотемæй Къæмунти уæллаггъæуи Кæрæтгини билæбæл сæ дзармадзан æрсагътонцæ. Уордигæй ракæсгæй, дзæбæх зиндтæнцæ Мæхческæ, Уæхъæцæ æма Къамати гъæутæ. Николай дæр сæ фæсте иссудæй, кæми æрбунат кодтонцæ, уордæмæ, ци кæнунмæ гъавунцæ, уой базонунмæ.

Хъазахъæгтæ уайтæккæ дзармадзан æррæсагътонцæ æма син Александров бардзурд равардта:

– Æхсунмæ æрræвдзæ кæнетæ дзармадзан!

Николай ку балæдæрдтæй гъæути 'рдæмæ æхсунмæ гъавунцæ уой, уæд æхе бахадта Хабай-фуртмæ æма ин загъта:

– Æвуд адæмæй еске базæран кæндзинайтæ. Æ сæрæн ка неци зонуй, етæ фидбилизи ку бахауонцæ, уæд е раст нæ уодзæнæй.

Хабай-фурт дзоргæ дæр неци искодта, фал Александров ба уотæ:

– Тагъд ецирдæмæ цæуй не 'фсæддон къуар æма 'й гъæуама зононцæ, тухæ мах къохи ке 'й, уой. Æхсетæ!..

Дзармадзани гъæр арвнæрæгау фæццудæй æма кæми фæцæй, Хуцау æй зонуй.

Цанæбæрæг рæстæг рацудæй, дзармадзани гъæрæй гъостæ нæма æрсабур æнцæ, уотемæй топпи гæрах райгъустæй, æ фат Хабай-фурти къæхти рази æ ругæ искалдта æма æ цъуз фæццудæй.

Хъазахъæгтæ фæйнердæмæ рагæппитæ кодтонцæ, сæ топпити сампалти къæбар-къубур иссудæй, сæхе фæрсрæбунмæ фелхъивтонцæ æма тарстæй радзорæ-бадзорæ кодтонцæ:

– Партизантæ!.. Горга!.. Горга!..

– Ци адтæй? – рафарста Хабай-фурт дæр, рафæлорс æй уотемæй. – Ка нæ фехста?

– Нæ зонун, ка фехста, – дзоруй Николай,– фал е уой бæрæггæнæн æй, æма ма ку фехсайтæ дзармадзанæй, уæд нæмуг дæхебæл дæр исæмбæлдзæнæй...

Хабай-фурт æ къохæй райамудта, мабал æхсетæ, зæгъгæ, æма гъæуай кæнуй Уорс хонх æрдæмæ, Хурæ ка хуннуй, еци рауæнмæ.

Ниууагътонцæ хъазахъæгтæ æхсун, дзармадзан ба æ бунати байзадæй. Æхсæвигон æй кадæр фесхуста æма бæрзонд айнæг къæдзæхæй рахаудтæй. Нинпурхæ 'й.

Николай, аци хабæрттæ ку 'рцудæнцæ, уæд искатай æй – лæдæрдтæй æй, нур уорсгвардиуонтæ ахæст адæми уотемæй нæбал ниууадздзæнæнцæ, ци киндæуа, уой нæ зудта.

Афицертæ гъæумæ раздæхунбæл исарази 'нцæ. Фидбилизæй ке фæййервазтæй сæ хецау, уой туххæй Хуцаумæ исковун гъæуй, зæгъгæ, ранæхстæр æнцæ хæдзарæмæ. Рæфтад афонæ дæр адтæй.

Цалинмæ еци хабæрттæ цудæнцæ, уæдмæ Цопанти хæдзарæмæ æрбацудæнцæ силгоймæгти къуар, минæвæрттæ ахæст адæми бийнонти номæй. Ниллæудтæнцæ Нæгъудамæ – сумах иуазгутæ 'нцæ нæ бæлах хæсгутæ æма сумах къохи æй сæ идарддæри карнæбæл байархайун.

Бæргæ син дзуапп лæвардта Нæгъуда, игъосæг нæмæ нæййес, архайæн, фал ни неци уайуй. Силгоймæгтæмæ уæхæн дзуапп кæми раст кастæй æма сæ маст калдтонцæ, æфхуæрæн зæгъдтитæ дæр искæниуонцæ.

Зæрдмæгурæй рахæлеу æнцæ. Уой ма ку базудтонцæ æма ахæститæ æрцудæй, уæдта бустæги низзæрдрист æнцæ.

Афицертæ бамбурд æнцæ сæ рæфтади фингæмæ. Нæгъуда ба æ фурт Николайæн силгоймæгти æрбацуди хабар ракодта.

Уæдмæ Хабай-фурт фингæмæ байагурдта мадæ æма фурти. Николай дзоруй мадæмæ:

– Бацо сæмæ. Еума хатт си ракорæ, гъома, ниххатир син кæнетæ, мæгур адæм æнцæ.

Нæгъуда нæ арази кодта:

– Нæ зонун, ци ма син зæгъон... Нæй мæ бон уони аккаг дзурдтæ иссерун.

– Хуцау дин фæййагъаз кæндзæнæй, цо, – загъта Николай.

Нæгъуда бацудæй финги размæ, афицертæ фестадæнцæ.

– Исбадæ нæ хæццæ, – дзоруй Хабай-фурт.

– Уæ гъуддаг кæнетæ,– дзоруй сæмæ Нæгъуда, – нурмæ дæр раст нæ адтæй силгоймаг лæгти хæццæ еу фингæбæл ке бадуй, е. Мах æгъдауи е нæ федауй.

Хабай-фурт балæдæрдтæй, силгоймагмæ цидæр зæрдихудт ке ес, уой.

– Кæд естæмæй фæррæдудан, уæд нин æй балæдæрун кæнæ, хумæтæги нæ 'нцæ аци здæхтæ.

Нæгъуда еу рæстæг æдзинæг кæсуй æма Хабай-фуртмæ дзоруй:

– Мадæ дин ку ес, æнгъæлмæ дæмæ ку кæсуй. Фæндуй дæ, цæмæй сæрæгасæй дæ хæдзарæ иссерай, е?

– Куд нæ, мæ мадæй хъазардæр ба мин ка ес?– уотæ бакодта болкъон.

– Мадта дæ мадæ, дæ фиди хатирæй, Устур Хуцау дин дæ над нæ фæррраст кæндзæнæй, еци мæгур адæми тæрегъæдæй, – дзоруй имæ Нæгъуда. Æхуæдæг ба æваст æ сæрбæттæн æ сæрæй фелваста æма 'й Хабай-фурти къæхти рази ниггæлста.

Болкъон фæггæпп кодта:

– Е куд æй?! Уæхæн уæззау æфхуæрд ба нæ цæмæ кæнис!

Фелваста сæрбæттæн, фæстæмæ имæ 'й дæттуй. Еци æгъдау ка зудта, етæ цидæр æнахур сæхе банкъардтонцæ, кастæнцæ Хабай-фуртмæ, идарддæр ци уодзæнæй. Уруссаг афицертæн дæр балæдæрун кодтонцæ ци цудæй, уой.

Уæд сæмæ Николай дæр еума хатт, цæмæй æй еугурæй дæр лæдæронцæ, уотæ уруссагау дзоруй:

– Вы говорите что, представляете собой белое движение – это созвучно с деяниями господа нашего Христа, священным писанием. Утверждаете, что строите новую жизнь. Но подумайте – если вы за собой будете оставлять кровавый след, кто за вами пойдет? Как вас поймет народ? Я вас уверяю в том, что арестованные вами понятия не имеют о большевиках и меньшевиках. Это результаты каких-то провокаций и доносов злопыхателей.

Хабай-фурт ин уæд загъта:

– Хуарз... Уæхæн дзубандитæ æма нæ мади хаййи курдиади фæсте мæ бон нецибал зæгъун æй. Уæ фæндон уин æнхæст кæнун.

Уотæ зæгъгæй, бардзурд равардта уруссагау:

– Отпустите арестованных, только скажите казакам, чтобы плетями их взгрели. Пусть это будет им в назидание и чтобы впредь не путались в революционных течениях.

Александров уой куддæр райгъуста, уотæ фæггæпп кодта æ бунатæй, æма уотæ:

– Господин полковник! Что вы делаете?! Мы карательный отряд, а не миссия благодетелей!..

Хабай-фурт имæ дзоруй:

– Вы видели, на что пошла эта уважаемая женщина. Если мы будем перешагивать через такие вещи, то, как мы будем выглядеть в глазах народа.

Александров уæддæр нæ сабур кæнуй:

– Подумаешь, какая-то осетинская баба платок сняла и, мы не должны карать большевиков и их последователей. Я вас не понимаю.

– Замолчи!.. Сперва думай о том, что говоришь. Я командую отрядом и принял такое решение,– загъта болкъон Хабай-фурт.

Николаймæ дæр гъулæг фæккастæнцæ Александрови дзубандитæ æма ин бауайдзæф кодта:

– В святом писании сказано: «Возлюби ближнего, не суди, да не судим будешь». Слушайся старшего... Если вы себе позволяете о матери говорить «какая-то баба», то у нас это святое.

Александров ма цидæртæ ралæхурдта, уæдта дзоруй Хабай-фуртмæ:

– Я давно вам сказал, – этот поп на себя слишком много берет.

Хабай-фурт еума хатт бауорæдта е 'мбали æма еугурей дæр фингæмæ байагурдта.

Ахæст адæми исуæгъдæ кодтонцæ. Æцæг, хъазахъæгтæн куд загъд адтæй, уотæ скъæти дуари фæйнæ фарсемæ дууемæй лæудтæнцæ æма, ка фендæбилæ уидæ, уой ба фæйнæ цæфи æхсæй æркæниуонцæ.

Æфсæддонтæ ку рандæнцæ, адæм кæрæдзей ку æрлæдæрдтæнцæ, уæд ахæст ка адтæй æма маруни фæндæ кæбæл искодтонцæ, етæ Цопанти Николайи хæдзарæмæ арфæ кæнунмæ æрбацудæнцæ.

Гъе уæхæн хабæрттæ æрцудæй 1919 анзи Уæллагкоми.

***

Кæронбæттæни ма уой зæгъуйнаг дæн, æма хуарздзийнадæ адæмæй нæ иронх кæнуй.

Мæнæ нур ци цаути кой ракодтон, уони фæсте цæйбæрцæдæр рæстæг рацудæй, æма, куд æнæгъæнæ Уæрæсей, уотæ Дигоргоми дæр федарæй-федардæр кæнун байдæдта нæуæг, советон цардарæзт æхе æгъдæуттæ æма фæткити хæццæ. Уонæн сæ еугурейбæл кæрæй-кæронмæ нæ дзордзæнæн, фал си еуей, нæ дзиллæй хъæбæр берети цардиуагæбæл æнæуагæдзийнæдтæй ка фæббæрæг æй, хъæбæр берети карнæ ка фенамонд кодта, еци гъуддаги туххæй ба уæддæр зæгъдзинан. Уомæн æма комкоммæ баст æй мæ абони дзубандий хæццæ. Куд зонетæ, уотемæй Советон хецаудзийнадæ æ бартæ ку æрфедар кодта, уæд æ фиццаг нæуæгдзийнæдтæй еу иссæй коллективизаци, гъома, гъæути арæзт цудæй еумæйаг хæдзарæдтæ. Уобæл ка нæ арази кодта æма иннетæй хузæнондæр ка цардæй, уони «кулактæ» исхудтонцæ, «адæми знæгтæ» си аразун байдæдтонцæ – сæ мулкитæ æнæгъæнæйдæр айдагъдæр сæхе фæллойни фæрци бамбурд кодтонцæ æви сæ æндæр кутемæйдæрти бакустонцæ, уой нæ нимайгæй сæ, Сибири æма æндæр идард рауæнтæмæ тухæрвист кодтонцæ.

Гъе уотемæй цидæр соцъагæнгути æма æдзæстуарзон цъуххæсгути цъамардзийнади фудæй берæ рæстзæрдæ адæймæгути æма сауæнгæ æнæгъæнæ бийнонтæ бустæги æнæрастæй æфхуæрд æрцæуиуонцæ, беретæ ба си бустæги бабун æнцæ.

Уогæ уотæ дæр уидæ, æма адæм рæстдзийнади сæрбæл ку исдзориуонцæ, уæд сæ фæндæ рацæуидæ. Уотæ рауадæй Цопанти Николайи хабар дæр. Евгъуд æноси 30-аг æнзти уой дæр кулакбæл ку банимадтонцæ, æма æ граждайнаг бартæ (лишен был право голоса и посещения сходов) ист ку 'рцудæнцæ, уæд æ нихмæдзоргути 'рдигæй цалдæр хатти æвæрд æрцæуидæ фарста: «Цæмæ байзадæй саугин Сибирмæ æнæрвист иннæ кулактæй уæлдай?»

Унаффæ рахæссуни туххæй исаразтонцæ Уæллагкоми еумæйаг æмбурд. Уогæ дзубанди ма си цудæй æндæр кедæрти туххæй дæр. Кулак æй аци хæдзари хецау æма æрвист æрцæуæд, зæгъгæ, уæд адæм еумæйагæй сæ къох исдариуонцæ.

Николайи туххæй фарста ку ниввардтонцæ, уæдта æмбурди адæм ниссабур æнцæ. Хестæртæй кадæртæ загътонцæ: «Цопанти Николай иннети хæццæ еу рæнгъæбæл æвæргæ нæй». Æма æримистонцæ, 1919 анзи уой фæрци беретæ мæлæтæй ке фæййервазтæнцæ, уой. Загътонцæ: æцæгæйдæр адтæй бонгин, дардта ихуæрститæ, фал æ косгути некæд исгъолон кодта, хуæрдæ æма миздæй ба некæд неке зæрдихудт æрхаста, ирæзгæ фæсевæди ахурбæл дæр хъæбæр зæрдæй архайдта æма уотæ идарддæр. Цубур дзубандийæй, байзайæд æнæрвист зæгъгæ, уобæл еугурæйдæр исгъæлæс кодтонцæ.

***

... Нæ зундгонд поэт Скъодтати Эльбруси æмдзæвгитæй мæ зæрдæбæл ке дарун, уонæй еуеми уотæ загъд ес:

Нæй дессаг цæрун дæр,
Нæй дессаг мæлун дæр,
Ниуазун, хуæрун дæр,
Исгъар ун, сæлун дæр.

Æнæмæтæй æппун
Нæ хауй сæри гъун.
Æй дессаг лæдæрун,
Дессагдæр – лæдæрд ун...

Уотæ мæмæ кæсуй, æма аци рæнгъити æвæрд гъуди дессаги æмзæл æй мæ абони радзубандий хæццæ. Нæ адæми алли фæлтæрти дæр нæмæ алкæддæр адтæй хъæбæр курухон адæймæгутæ, кæцитæ рæстуодæй рацудæнцæ сæ карни нæдтæбæл, рæстзæрдæй лæггадæ кодтонцæ нæ фидтæлтæн, нæ дзиллæн, бантæстæй син берæ арфиаг гъуддæгутæй фескъуæлхун. Фал цидæр, рæстдзийнадæ зулунгæнæг гъуддæгутæмæ гæсгæ син аккаг аргъонд нæ цудæй. Æма нæ ихæс æй, еугур еци хабæрттæмæ лæмбунæгдæрæй æркæсун, се 'цæгдзийнадæ син исбæлвурд кæнун. Еузагъдæй, æй дессаг – лæдæрун, дессагдæр – лæдæрд ун.

Адæми æмвæндæдзийнади Æхсæнадæмон бон бæрæггонд цæудзæнæй авдисæри, 20 декабри.

***Паддзахадон над «Кавказ»-бæл цæугæй хуæдтолгæ «Лада-219020» скъæрæг – Дагестанæй æрбацæуæг 29-анздзуд силгоймаги æнарæхстдзийнади фудæй æхе ниццавта бæласæбæл æма, ци 26-анздзуд нæлгоймаг бадтæй, е фæммард æй. Силгоймагмæ ниуæзтæ хъæрдтæй æви нæ, уой исбæрæг кæнунбæл нæ исарази ‘й.***



# НИУÆЗТÆЙ НÆ ФÆУУИС ГЪÆСТАГ, БИЙНОНТÆН БА БАУИС ГЪÆСТАГ...

Æнæ ниуæзтæй цæрун нæбал фæразун, зæгъгæ, æхе еци хузи ка бафеппайуй, уонæй ефстæгтæ байагорунцæ сæхе цъухæй дохтири агъаз. Уотæ сæмæ фæккæсуй, цума, адæймаг ку ниуаза, уæд уоми дессагæй неци ес. Уонæмæ гæсгæ, адæймаг цалинмæ расугæй гъæунги нæ рахауа кенæ ба авгæбæл алцидæр раттунбæл аразийи уæнгæ цалинмæ не ‘суа, уæдмæ ин алкоголик схонæн нæййес. Фал е уотæ нæй.

Бæлвурд æй, ниуазагæ адæймаг бустæги кæуйнаг уавæрмæ цалинмæ æрхъæртуй, уæдмæ берæ рæстæг ке рацæуй, е. Æцæгдзийнадæ ба æй уæхæн: æнæ ниуæзтæй цæрун ке нæбал фæразуй, адæймаг уой цæйбæрцæ раздæр балæдæра æхуæдæг, уойбæрцæ æнцондæр уодзæнæй е ‘сдзæбæх кæнун.

Уæрæсей æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади Министради бæрæггæнæнтæ куд амонунцæ, уотемæй нæ бæсти цæрæг нæлгоймæгтæн сæ 40 процентi карз ниуæзтæй пайда кæнунцæ алли бон дæр. Мадта ниуазагæ силгоймæгти нимæдзæ дæр минкъийдæр нæй. Уæрæсей цæргутæй 2 миллион адæймаги æнцæ алкоголизмæй сæйгæ. Æ хуæрзгъæдæддзийнадæ цауд кæмæн æй, уæхæн карз ниуæзти фудæй нæмæ алли анз дæр рамæлуй тæккæ минкъийдæр 500 мин адæймаги. Аци нимæдзæ уодзæнæй никки фулдæр, зæгъæн, уазал рæстæгути расугæй гъæунги ка рахауй æма басуйуй кенæ ниуæзтæ æ бауæри кæцидæр хай кенæ хурфидзаумау кæмæн фехалуй æма уой фудæй ка рамæлуй, уони дæр, уæдта иннæ уæхæн цаутæ ку банимайæн, уæд. Мадта цал æма цал адæймаги рамардæй ниуæзти фудæй! Дæнцитæ ес идарддæр дæр æрхæссæн. Уомæ гæсгæ, уæ хæстæг кенæ зонгæмæ ниуæзтæмæ лæмæгъдзийнадæ бафеппайдтайтæ, зæгъгæ, уæд имæ еуварсæй ма кæсетæ, фал ин фæййагъаз кæнетæ æма ‘й фæххонетæ специалистмæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, кæддæр уа, уæддæр ескæд адæймаг ниуæзтæй фегъæстæ уй. Æма ‘й еуæй-еуетæ ниууадзунцæ фиццаг хатт си райахуадуни фæсте, кадæртæ ба ‘й раидарддæр кæнунцæ, ка си ескæд еу хатт раниуазуй, ести цийни гъуддаг ку фæууй, уæд. Раниуазуни цаутæ цалинмæ æстæн уонцæ, баниуазуни фæсте дуккаг бон адæймагæн ниуæзтæ æнадæ ‘й, зæгъгæ, уотæ цалинмæ уа, уæдмæ си зæрдæдзоруйнагæй неци ес. Фал ниуæзтæ ахидæй-ахиддæр кæнун ку райдайуй, зæгъæн, адæймаг алли фæлладуадзæн бони дæр ку ниуаза, æма ‘й кустмæ цæун гъæуй, кенæ имæ æхца нæбал ес, кенæ ин æ бийнонтæ хилæ кæнунцæ, зæгъгæ, æ ниуæзтæ айдагъдæр уой туххæй ку уадза, уæд аци рауæн дзорæн ес, адæймаг алкоголизми 1-аг къæпхæнæй сæйгæ ке ‘й, уобæл. Уæхæн адæймаг æ незбæл фулдæр хæттити нæ сæттуй, æз иннетæй фулдæр нæ ниуазун, зæгъгæ, уобæл лæуд фæууй, дæнцæнæн ба æрхæссуй æхе хузæнтти, «берæ ка нæ ниуазуй», уæхæнтти.

Адæймаг цалдæр къуæрей кенæ цалдæр мæйей дæргъи алли бон дæр ку ниуаза, уотемæй ин ниуæзтæ æнадæ ку нæ кæна, уæд аци рауæн дзубанди цæуй алкоголизми 2-аг къæпхæнбæл. Адæймаг райдайуй ниуазун бони дуккаг æмбеси, изæрæрдæмæ, æма раздæр ниуазуй берæгæйттæй, идарддæр ба ниуæзти бæрцæ фæмминкъийдæр кæнуй, æ расуг куд нæ цæуа æма еудадзугдæр ниуæзтгун куд уа, уотæ. Фал ниуæзтæй уæхæн сæйгитæн дæр фæууй «рохс» бæнттæ, гъома, адæймаг нæбал фæнниуазуй, е ‘хца ку фæуунцæ кенæ е ‘нæнездзийнадæмæ гæсгæ æ бон ку нæбал фæууй, уæд. Фал имæ уæддæр фæццæуй раниуазун. Ниуæзти хæццæ цидæриддæр баст уа, е цæуй æ зæрдæмæ. Æ хуæздæр дæнцитæ ‘нцæ: «дохтиртæ дæр æй амонунцæ», кенæ ба «мæ фиди фидæ дæр ниуазта æма хъæбæр хуарз фæццардæй» æма æндæр уæхæнттæ. Уой хигъдмæ, ниуазуни гъуддаг цидæриддæр къулумпи кæнуй, зæгъæн, æ бийнонтæ ‘й хилæй марунцæ кенæ ‘й æ куст хъор даруй, етæ ба æ зæрдæмæ нæ цæунцæ.

Мадта адæймаг сутки дæргъи æхсæвæй-бонæй æнæ ниуæзтæ нæбал фæууй æма æ ниуæзтæ æгириддæр нæбал цæуй, зæгъгæ, уæд аци рауæн дзорæн ес алкоголизми 3-аг къæпхæнбæл. Раздæр куд адтæй, уотæ ниуæзтæй æ зæрдæ нур нæбал хæссуй, уомæн æма организм исахур уй карз ниуæзтæбæл, æма ин е марг нæбал æй. Фал уæхæн адæймагæн æ гъуддаг сæ хуæрзтæй нæй, уотæ имæ фæккæсуй, цума еци уæззау уавæрæй æй ниуæзтæй уæлдай нецибал фæйййервæзун кæндзæнæй.

Æнæ ниуæзтæй цæрун ка нæбал зонуй, уæхæн адæймаги æгириддæр нецибал фендавуй, æ алливарс цитæ цæуй, уони уингæ дæр нæбал кæнуй, айдагъдæр фæццардхуз уй, ниуæзти хабар, ести финги кой ку райгъосуй, уæд. Мадта бæрæгбæнтти размæ ба бустæги цийнæ кæнун райдайуй, уомæн æма ‘й лæдæруй, бæрæгбони алкедæр раниуаздзæнæй æма ин æ ниуæзтæ æ цæстæмæ неке бадардзæнæй.

Аллихузи æртасгутæ берæ хæттити фæндæ кодтонцæ исбæлвурд кæнæн, ниуæзтæмæ æмхецдзийнадæ æма адæймаги уодиконд кæрæдзей хæццæ куд баст æй, уой. Фал еци бастдзийнадæ рартасун сæ къохи нæ бафтудæй. Расуггæнагæ исуй, зæгъæн, хумæтæг адæймаг дæр, устур ахургонд дæр, мадта уодикондæй аразгæ дæр нæй, адæймагæй расуггæнагæ рауайа æви нæ, е. Бæлвурд æй айдагъдæр еунæг гъуддаг – ниуазагæ адæймæгутæ исунцæ кæрæдзей хузæн сæ бакастæй дæр, сæ уодикондæй дæр, сæ зундирахастæй дæр. Æма уæ хæстæг кенæ зонгæ уæхæн сагъæссаг уавæри цæмæй ма бахауа, уомæй æй багъæуай кæнетæ!

***ЦЕРЕКАТИ Алан,***
***Медицинон профилактики республикон центри хайади сæргълæуууæг.***

# РАСУГ ЛÆГ – ХОДУЙНАГГÆНÆГ

***Расугдзийнадæ нæ адæммæ алкæддæр æвведауцæдзийнадæбæл нимад адтæй, расуггæнагæ ба – æгадæбæл. Уой фæдбæл нин нæ фидтæлтæй берæ циргъзунд хабæрттæ байзадæй.***

***

Мæ синхаг, дæ биццеуи цæмæн фæннадтай? Е уанæбæрæг кæми фæффудгин æй дæ рази?

– Расуг адтæй!

– Гъома æй уотæ хъæбæр цæмæн ниццавтай?

Расуг адтæн.

***

Еууæхæни дин Дзег æма Дзой къулух ниуæзтгунæй æрбацæунцæ æма Дзег, хæкъурццитæгæнгæ, загъта:

– Уæллæй, Дзой, абони дæбæл мæ зæрдæ фæххудтæй.

– Мæнæ дессаг, Дзег, уанæбæрæг дин ци кодтон?

– Ци кодтай, ци, ме ‘нæнездзийнади туххæй нæ баниуазтай.

– Æ-æз, дæ бонæй уай, Дзег, æз де ’нæнездзийнади туххæй дæр, уæдта иннети æнæнездзийнади туххæй дæр уойбæрцæ фæнниуазтон, уойбæрцæ, æма мæхе æнæнездзийнадæ фесафтон.

***

Саугин балций адтæй æндæр гъæуи æ хæрæгбæл. Æхсæвæ æ лимæни хæдзари байзадæй. Фусунти æфсийнæ арахъ уагъта. Саугин байевдалдæй, æма ин бафсес нæбал адтæй фиццаг уайæнæй. Æхсæвæ еуафони æ зæрдæ схастæй. Фесафта хуссæнтæ. Донæй ба ин бафсæдæн нæбал адтæй. Фæрристæй, ниффудкæндтæ ‘й, уотемæй фестадæй. Мæ хæрæгæн дон радтон, зæгъгæ, æй донмæ фæлласта. Хæрæг донмæ не ‘рæвналдта. Хецау ин тухxæй æ сæр дони нитътъунста, уæддæр марауадзæ зæгъай, еу хупп искæнун бакумдта!

Уæд ин фусуни синхаг саугинæн уотæ зæгъуй:

– Цума уи ка зундгиндæр æй: ду æви дæ хæрæг? Хæрæги ниуазун нæ фæндуй æма нæ комуй. Ду ба арахъæй де ’фсес нæ зудтай.




# ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!

2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№2838**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 17.12.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 17.12.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**